



Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INOVASYON YON DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB
KI KOUTE 41 MILYON DOLA NAN KONTE ONEIDA**

Amelyorasyon nan Apatman Colonial II a pral prezève ak amelyore 74 kay pou granmoun aje ak moun ki gen andikap nan Vil Rome

Pwojè a bay 1 milyon dola atravè Konkou Bilding Ekselans pou atenn emisyon kabòn nèt zewo.

Fè pati plan lojman ki pote tranfòmasyon, sou senkan, ki koute 25 milya dola Gouvènè a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke konstriksyon an te kòmanse nan reyabilitasyon ak modènizasyon 41 milyon dola Apatman Colonial II nan vil Rome nan Konte Oneida. Pwojè a pral prezève aksesibilite pou 74 granmoun aje epi nouvo konsepsyon ki trè efikas pou enèji a prevwa atenn emisyon kabòn nèt zewo ak ede redui depans jeneral nan sèvis piblik pou rezidan yo.

"Pandan n ap fè efò pou rann New York pi ekitab, li enpòtan pou nou bay Nouyòkè vilnerab ak granmoun aje yo aksè nan yon lojman abòdab k ap pèmèt yo viv avèk pwoteksyon ak sekirite yo merite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè devlopman lojman abòdab sa a pral bay granmoun aje Rome yo ak moun ki gen andikap yo yon bilding modèn ki trè efikas pou enèji ki pral amelyore kalite lavi yo, ranfòse kominote yo rele lakay yo, epi ede atenn objektif klimatik alontèm New York yo."

Apatman Colonial II fè pati plan Gouvènè Hochul nan tout eta a pou rann lojman pi abòdab, ekitab ak estab. Nan Bidjè Eta ki fèk adopte a, Gouvènè a te garanti ak siksè, yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, k ap ogmante apwovizyonman lojman lè li kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York ki enkli 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Apatman Colonial II sitiye nan 310 Cottage Street nan Rome epi se Otorite Lojman Rome ki posede ak jere li. Konplèks la aksesib pou transpò piblik epi li sitiye tou pre makèt, yon famasi, sant medikal ak pak piblik.

Bilding sèt etaj la te ouvri anvan sa an 1972 kòm yon lekòl ak dòtwa epi yo te transfòme li pou tounen lojman piblik an 1984. Bilding lan pa janm te modènize anvan gwo reyabilitasyon sa a epi li te vin demode nan nivo fonksyonèl.

Renovasyon yo pral rekonfigire gwosè apatman an, ki kounye a twò piti pou rete vyab. Lè bilding lan fini, li pral ofri 74 apatman yon chanmakouche pou granmoun aje ak moun ki gen andikap yo, avèk ekipman ki gen ladan espas kominotè, enstalasyon lesiv ak yon lakou deyò pou lwazi. RHA pral anboche yon sirentandan antretyen a tan plen sou plas.

Yo pral reyamenaje bilding lan pou atenn emisyon kabòn nèt zewo nan itilize sèvis chofaj ak refwadisman ki soti nan pi jewotèmik sou plas ki konekte ak ponp chalè endividyèl ki soti anba tè, vantilatè rekiperasyon enèji endividyèl yo pou bay lè fre ak evakye vye lè, chofaj dlo cho ponp chalè santral avèk yon bouk resikilasyon, ak yon gwo rezo pano solè fotovòltayik pou kouvri 98 pousan nan pwodiksyon anyèl elektisite nan bilding lan. Reyabilitasyon pwojè sa a gen ladan ranplasman mi eksteryè bilding ki egziste deja yo ak yon sistèm ki trè efikas ak rantab nan fenèt eksteryè ak panno mi yo. Nouvo panno sa yo pral founi yon eksteryè ki pi solid ak dirab ki pral ede diminye depans enèji yo.

Pwomotè yo se Beacon Communities Development LLC ak Otorie Lojman Rome (Rome Housing Authority, RHA).

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, "Reyabilitasyon Apatman Colonial II se yon lòt egzanp angajman Gouvènè Hochul pou prezève pak lojman piblik enpòtan New York la. Nou kontan pou nou kreye yon anviwònman ki sen ak konfòtab pou 74 granmoun aje ak moun ki gen andikap, men tou pou nou envesti nan yon devlopman ki pral mennen nan yon Eta New York ki pi vèt. Antanke premye otorite lojman piblik New York la ki atenn emisyon kabòn nèt zewo, Apatman Colonial II pral sèvi kòm yon modèl pou pwojè reyabilitasyon lojman piblik nou yo alavni epi pral ede nou atenn objektif anbisyè rediksyon kabòn Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta a fikse. Mwen remèsye Beacon Communities Development ak Otorite Lojman Rome pou patenarya yo nan pwojè vizyonè ak efikas pou enèji sa".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "NYSERDA fyè pou li wè inovasyon pwojè Colonial II a epi kòmanse konstriksyon ki pral elaji aksè nan lojman konfòtab ak abòdab epi ki trè efikas pou enèji pou granmoun aje ak rezidan vilnerab Konte Oneida yo apati teknoloji inovatè anndan ak deyò. Patikilyèman, pwojè Bilding Ekselans (Buildings of Excellence) sa a prensipalman mache ak enèji solè pwòp renouvlab epi li reprezante avantaj pou sante ak anviwònman an ke konstriksyon vèt ka bay kominote ki defavorize nou yo nan kad objektif Gouvènè Hochul pou rive genyen 2 milyon kay ki adapte pou klima disi 2030."

Finansman Apatman Colonial II a gen ladan 2 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzansyon fiskal; Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba ki pral jenere 16.6 milyon dola nan fon pwòp; ak apeprè 12.5 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York. Yo te bay pwojè a tou 1 milyon dola nan dezyèm faz Konkou Bilding Ekselans NYSERDA a ak 296,000 dola atravè Pwogram Nouvo Konstriksyon - Lojman NYSERDA. Otorite Lojman Rome nan ap bay plis finansman ak yon frè pwomotè difere.

Renovasyon yo nan Apatman Colonial I, ke HCR finanse tou, te fini an 2019. Colonial I ofri 83 kay abòdab pou granmoun aje ak moun ki gen andikap.

Senatè Charles Schumer te deklare, "Chak rezidan Konte Oneida merite aksè nan yon lojman ki an sekirite, abòdab, ki efikas pou enèji, epi mwen fyè dèske Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba ke mwen te goumen anpil pou mwen elaji a te bay plizyè milyon dola nan investisman ki nesèsè pou soufle nouvo lavi nan apatman sa yo pou granmoun aje ak moun ki gen andikap nan Rome. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou efò nan lojman esansyèl abòdab sa a, epi mwen pral kontinye goumen pou jwenn chak dola sipò federal ki nesèsè pou ede poze fondasyon pou yon avni ki pi briyan ak pi vèt pou tout New York Santral."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Tout Nouyòkè ta dwe gen yon kote pou yo viv ki an sekirite epi ki abòdab. Pwojè enpòtan sa a pral ede asire ke granmoun aje nan Konte Oneida gen aksè a opsyon lojman abòdab epi ke bezwen kominote a satisfè. Aksè nan lojman abòdab esansyèl kounye a plis ke jamè, epi mwen pral kontinye goumen pou asire kominote nou yo gen resous yo bezwen yo."

Senatè Eta a, Joseph A. Griffo, te deklare, "Pandan katye ak kominote nou yo kontinye ap grandi, li enpòtan pou nou bay tout segman popilasyon an opsyon lojman ki an sekirite ak nan pri abòdab. Pwojè sa a pral bay granmoun aje yo ak moun ki gen andikap yo aksè nan lojman modèn ak efikas pou enèji pandan l ap reyabilite ak prezève yon bilding ki egziste deja nan Rome".

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè a ak NYSERDA paske yo sipòte gwo pwojè sa a. Apatman Colonial yo se kay pou anpil moun, epi reyabilitasyon ak prezèvasyon kay yo nesèsè anpil epi pral bay plizyè ane lavi an sekirite ak konfòtab alavni".

Kad Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente Jr, te deklare, "Modènizasyon Apatman Colonial II a pral prezève ak amelyore lojman piblik ki nesèsè anpil pou granmoun aje ak andikape Rome yo. Pwojè kabòn nèt zewo ki premye nan jan li pral yon modèl pou efikasite enèji. Mwen felisite Otorite Lojman Rome pou vizyon li epi mwen remèsye Eta New York pou finansman an li pèmèt ki reyalize".

Direktè Egzekitif Jeneral Beacon Communities, Dara Kovel, te deklare, "Pwojè inovatè sa a montre kijan dirabilite ak devlopman lojman abòdab ak reyamenajman kapab epi ta dwe mache men nan men. Avèk sipò patnè sektè piblik ak prive nou yo,

Beacon pral kapab kontribye nan objektif anbisye eta a pou chanjman klimatik yo epi amelyore anpil kalite lavi rezidan Colonial II yo pandan l ap ranfòse ekonomi lokal la. Sa a se yon bagay tout moun soti gayan epi li etabli yon plan ki ta dwe repwodui nan tout eta a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418